

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG SARAN**

#### **5.1 Kacindekan**

Dina panalungtikan naskah drama Ringakang Peuting (Ulikan Struktural Jeung Sosiologi Sastra) pikeun mikanyaho unsur – unsur aspék sosial ngaliwatan ulikan struktural jeung sosiologi sastra, métode nu digunakaeun nyaéta déskriptif kualitatif ngaliwatan studi pustaka. Ieu panalungtikan medar masalah struktur naskah drama nu ngawengku téma, fakta carita, sarana sastra, jeung unsur drama, tur aspék sosial nu mangrupa sosiologi satsra pangarang, sosiologi sastra karya, sarta sosiologi sastra pamaca, dina ieu panalungtikan ogé dipédar tiori – tiori nu dijadikeun tatapkan pikeun nalungtik masalah nu rék dianalisis. Sangkan teu mengpar jauh jeung hasilna.

Dumasar kana tilikan sosiologi, Rosiyd É. Abby salah saurang pangarang nu produktif dina karya sastra sunda, Hal ieu katitén dina karya sastra nu geus medal husus karya sastra saduran tina naskah luar negri, karya – karya Rosiyd É. Abby nu mangrupa saduran aya kana genep belas karya.

Sosiologi karya sastra nu katitén dina naskah drama Ringkang Peuting mangrupa aspék sosial perjuangan wanoja, aspék kamiskinan nu kagambar dina jero dialog Ningsih salaku palaku sental dina ieu naskah drama teu bisa dileupaskeun tina kahirupan sosial nurutkeun Rosiyd É. Abby yén naha di ngaranan “Ringkang Peuting” ku sabab identik jeung kahirupan Janggol atawa palacur nu kaluar ti peuting leuwih némbongkeun budaya patriarki yén awéwé miboga hak dina majoangkeun harga diri jeung kahirupan manehna. Tokoh nu jadi palaku dina ieu naskah drama ieu aya dalapan urang, nu kabagi kana tilu palaku utama jeung lima palaku tambahan latar anu kapanggih dina ieu naskah drama kabagi kana kana tilu kelompok latar sosial, latar géografi, latar waktu, alur dina ieu naskah drama ngagunakeun galur merele atawa alur maju.

Anapon, nu kaguar tina sosiologi pamaca, kacatet meunangkeun sababaraha sawangan nya éta ti Lia Robi'ah Adawiyah nu nyebutkeun Gambaran masarakat nu aya dina ieu naskah nya éta aya sabagian jalma nu masih kénéh ngabogaan anggepan kolot jeung féminis luhur tapi dina harti nu salah. Hartina, yén awéwé téh ukur dijadikeun abdi ku lalaki nalika geus di kawin. Sok padahal lamun dibarengan atawa dipatalikeun jeung unsur kaagamaan jeung pikiran

Muhamad Munif, 2021

*NASKAH DRAMA “RINGKANG PEUTING” SADURAN ROSIYD É. ABBY*

Universitas Pendidikan Indonesia | [repositoriy.upi.edu](http://repositoriy.upi.edu) | [perpustakaan.upi.edu](http://perpustakaan.upi.edu)

terbuka hal éta téh teu lumaku sajalantrahna kitu. Hal éta kabuktian ku ayana paguneman nu dilakonon ku palaku "Mamih". Disagédéngéun kitu, aya ogé sababaraha palaku anu ngagambarkeun pola pikir terbuka, hartina teu sagawayah narima omongan batur. Contona wae naon nu di omongkeun ku si "Somad".

## **5.2 Implikasi**

Hiji panalungtikan tangtuna miboga kaonjoyan jeung kahéngkeran. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkeran tina sababaraha aspék, diantaranya waktu nu hereut tetep dipiharep dina ieu panalungtikan bisa mawa kahadéan, utamana pikeun nambah pangaweruh jeung kamekaran élmu sastra. Dumasar kana hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kumaha gambaran sarta kritik sosial pangarang pikeun pamarentah, hususna dina karya sastra sunda.

## **5.3 Rékomendasi**

Sanggeus panalungtikan ngeunan naskah drama "Ringkang Peuting" saduran Rosiyd É. Abby (Ulikan Struktural jeung Sosiologi Sastra) aya sababaraha rékomendasi pikeun panalungtikan satuluyna jeung hususna pikeun kamekaran sastra sunda.

Kahiji, panalungtikan soisologi kudu terus dilaksanakeun boh ku masarakat atawa akademisi anu tinimbang kapanggihna aspék – aspék sosial dina jero karya sastra séjén pikeun kamekaran dunya sastra

Kadua, Naskah drama Ringkang Peuting perlu dibaca ku masarakat umum, ku sabab miboga ajén inajén gamabaran kumaha budaya patriarki masih aya keneh di masarakat, yén awéwé masih digambarkeun mangrupa kaum anu lemah jeung bisa dikukumah ku kaum lalaki ti dieu mangrupa pamiangan kaum wanoja pikeun mandiri sarta miboga hak anu sarua jeung kaum lalaki.

Sanajan panalungtikan ieu henteu dipatalikeun kana bahan pangajaran, tapi dipiharep bisa jadi rujukan pikeun bahan pangajaran sastra, di tingkat SMA.